



Mu gihe wokenera umusemuzi,
nyabuna ca utubarira.

Uru rukaratasi ruza ruboneka gwanditse
mu bundi bujyo n'izindi ndimi ubisavye.

Uubufasha mu Mategeko i Vermont

1.800.889.2047

264 N. Winooski Ave.
Burlington VT 05401
Fax: 802.863.7152

57 North Main St., Suite 2
Rutland VT 05701
Fax: 802.775.0022

7 Court St.
Montpelier VT 05601
Fax: 802.223.1621

56 Main St., Suite 301
Springfield VT 05156
Fax: 802.885.5754

177 Western Ave., Suite 1
St. Johnsbury VT 05819
Fax: 802.748.4610



Iporogaramu y'Ubufasha bw'Abakiliya (CAP)
Iporogaramu Ihurukiye mu Bufasha mu vy'Amategeko i Vermont

TE: 1.800.889.2047

Email: screening@vtlegalaid.org

www.vtlawhelp.org/client-assistance-program

Urabasha Gusoma Urundi Rurimi?

هذا الكتيب متوافر باللغة العربية. اتصلوا بنا أو زوروا موقع
www.vtlawhelp.org/CAP-brochures للحصول على
الكتيب باللغة العربية

ဤလက်မှတ်စာရိက္ခါ ဂျပန်ဘာသာဖြင့် ရရှိနိုင်ပါသည်။
ကမ္ဘောဒီးယားကို ဖုန်းဆက်၍ ဂျပန်စာ
www.vtlawhelp.org/CAP-brochures ကို ဝင်္ကျာညွှန်၍ ဂျပန်စာ
ဂျပန်ဘာသာဖြင့် လက်မှတ်စာရိက္ခါ ရရှိနိုင်ပါသည်။

Cette brochure est disponible en français.
Appelez-nous ou rendez-vous sur
www.vtlawhelp.org/CAP-brochures pour obtenir
la brochure en français.

Uru rukaratasi ruboneka mu Kirundi. Ca
utwakura canke uje kuri
www.vtlawhelp.org/CAP-brochures kugira
ururonke mu Kirundi.

यो पुस्तिका नेपालीमा उपलब्ध छ। नेपाली मा पुस्तिका
प्राप्त गर्न हामीलाई फोन गर्नुहोस् वा
www.vtlawhelp.org/CAP-brochures

Qoraalkan waxaa laguugu diyaariyay Af-Somali.
Naga soo wac ama guji
www.vtlawhelp.org/CAP-brochures si aad
qoraalkan ugu daalacato Af-Somali.

Este folleto está disponible en español. Llámenos
o vaya a www.vtlawhelp.org/CAP-brochures
para obtener el folleto en español.


This brochure is available in English. Call us or go
to www.vtlawhelp.org/CAP-brochures to get the
brochure in English.

Kirundi

Uubufasha mu Mategeko i Vermont



Umushinga w'Itegeko ku Bumuga Iporogaramu y'Ubufasha Bw'Abakiliya (CAP)



Ubufasha bw'ubuntu mu
ibanga ku bibazo mu
gusaba canke kuronka
iserevisi z' umwuga
n'ukubaho mu
buzima bwigenga:

1.800.889.2047



Iporogaramu y'Ubufasha bw'Abakiliya (The Client Assistance Program, CAP) iharanira ikanarinda uburenganzira bw'abantu bafise ubumuga basaba canke baronswa iserevisi z'Ukuzahugwa mu bijanye n'akazi, bivuye kuri yino mijyango canke iporogaramu zitegwa inkunga bifatiye ku Itegeko jy'Ukuzahugwa:

- Igisata c'Ugushigwa mu Mwuga
- Isantere ya Vermont iraba Ukubaho Kwigenga
- Igisata kijejwe Abatarora n'Abafise Ubumuga bw'Ukuraba
- Ihurukiro jya Vermont jy'Abatarora n'Abafise Ubumuga
- Ihurukiro jya Vermont ry'Urudandazwa, Amahinguriro n'Ukuzahugwa
- Akazi Gakenere Ugufashwa
- Iserevisi z'Inzibacuho y'Ishule-Ukuja mu Kazi

CAP ni iporogaramu itegwa inkunga na Guverinoma.

Itegeko jy'Ukuzahugwa

Kongele yatoye Itegeko jy'Ukuzahugwa kugira abantu bafise ubumuga bafashwe kuronka ubuzima bwiza kandi bibeshako, bongere bishobore kandi bagire uruhara aho baba. Kongele kandi yateye inkunga Iporogaramu z'Ubufasha bw'Abakiliya kugira ifashe abantu kuronka iserevisi bakeneye z'Ukuzahugwa mu bijanye n'ugukora.

Ukeneye Ubufasha?

Akura icese Iporogaramu y'Ubufasha bw'Abakiliya:

1.800.889.2047

Ivyo Dukora

CAP ifasha abantu gusigukigwa n'uburenganzira bwabo bakongera kandi bakabasha gushika ku iserevisi. Tura:

- Kumenyeshya ikijanye n'iserevisi n'inyungu ziboneka bivuye ku itegeko ry'Ukuzahugwa n'Umutwe wa I w'Itegeko jy'Abanyamerika Bafise Ubumuga
- Gusigurira uko woronka izi serevisi
- Tohoza ibibazo n'ibirego
- Fasha mu gukemura ibibazo wogira n'umujana wa wewe canke ikigo hamwe n'ivyemezo vy'ukujurira
- Gukorera ubuvugizi kugira uronke iserevisi ukeneye.

Turahangana n'ibibazo bininiya bituma biba ingorane kuri wewe n'abandi kugera ku iserevisi. Tukongera tukagira inama ku mpinduka mu mategeko n'inzira bituma habako iserevisi nziza kurushiriza.

Uze wakura Iporogaramu y'Ubufasha bw'Abakiliya Mu gihe woba:

- Ufise ibibazo kuri ibi bigo kandi ukeneye amakuru canke gufashwa
- Wangiwe kuronswa iserevisi z'Ukuzahugwa
- Wiyumvira ko uko bigenda biriko birafata igihe kininiye
- Ufise ibibazo n'umujana wa wewe
- Utariko uraronka iserevisi ukeneye
- Idosiye ya wewe yarahagaritswe utavyemeye
- Uri umunyeshule ufise ubumuga kandi ukaba utaronswa iserevisi z'inzibacuho zibanziriza akazi zogufasha kwitegura kuja mu mashuri asumvyeko, imenyerezwamwuga canke kuja mu kazi.



Amakuru ayo ari yo yosi ushikiriza CAP ni ibanga. Dutanga amakuru ya wewe mu gihe ubitubariye mu nyandiko ko twobikora. Ntituzokwakura ibigo ku bwa wewe utovyemeye.